Ku tegtale ci lu baax, dina am pay gu mel ni li ki ko def am

Jële nañu ci Abuu Mashuud Al-Ansaarii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Amna nit ku mas a ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ne ko: amuma waruwaay, kon nag jox ma waruwaay, mu ne ko: «amuma ko», am ku ne ko: yaw Yónente bi, dinaa ko tegtal ku ko jox waruwaay, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: «Ku tegtale ci lu baax, dina am pay gu mel ni li ki ko def am».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug adiis bi : Am na ku mas a w ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla defal jàmm- ne ko: sama waruwaay dafa dee, yéegal ma cig daaba, te jox ma waruwaay mu yóbbu ma, Yónente bi -yal na ko Yàlla defal jàmm- gàntal ko, ne ko amul dara lu mu koy jox, benn waay bu nekkoon foofu ne ko: yaw Yónente Yàlla bi dinaa ko yóbbu ci ku koy jox waruwaay, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm- xamle ne, mook kiy saraxe ñoo bokk am yiw, ndax moo ko tegtal aji-yittewoo ji.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5354